

18 me 2020

Chè fanmi,

Pou nou fè suivi avèk lèt nou te voye semèn pase a konsènan nouvo kondisyon sante ki parèt nan timoun Nouyòk ak lòt kote a, nou mete yon lyen pi ba a ki se yon Fèy enfòmasyon Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) ki bay enfòmasyon anplis.

Selon sistèm NYC Health, yo chanje non kondisyon sa a soti Sendwòm enflamatwa Pedyatrik (PMIS) pou rele li kounye a Sendwòm Enflamatwa Miltisistèm nan Timoun (Multisystem Inflammatory Syndrome in Children, MIS-C). Se yon kondisyon ki ra, men li ka menase lavi, donk li enpòtan pou konnen siy ak sentòm li yo.

[Fèy enfòmasyon](#) NYC Health la (ann anglè sèlman) bay nouvo enfòmasyon sou sendwòm lan, sentòm li, lè pou chèche èd medikal, tretman, ak etap prevansyon. Piske MIS-C asosye avèk COVID-19, li rete esansyèl pou anpeche pitit ou ekspozé avèk COVID-19.

Kòm yon rapèl, fanmi sipoze ede timoun yo konprann enpòtans mezi sa yo epi asire timoun yo suiv yo:

- Daprè Dekrè egzekitif NYS 202.17, **tout moun ki gen plis pase laj de ane ki ka medikalman tolere pou yon bagay kouvri figi yo dwe mete youn lè yo deyò kay yo** si yo pa ka kenbe distans fizik ak lòt moun. Yo bay bagay pou kouvri figi gratis nan lokal DOE ki bay manje yo nan tout senk borough yo—ou ka jwenn youn tou pre w [sou sitwèb DOE a](#).
- Distans fizik ak bon ijyèn rete enpòtan anpil, menm lè figi w kouvri.
- Lè adilt ak timoun deyò kay yo, yo **dwe kenbe omwen yon distans 6 pye** ant yomenm ak lòt moun lè sa posib.
- Paran dwe fè timoun yo sonje enpòtans bon ijyèn men epi yo ta dwe ede asire timoun lave men yo souvan.

Sante ak sekirite kominote nou yo rete pi gwo priyorite nou, epi nou pral kontinye pran tout mezi apwopriye pou ede kenbe elèv, fanmi, ak manm pèsonèl nou yo ansante. Tanpri ale sou nyc.gov/health nan nenpòt moman pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou MIS-C, epi pa ezite pou kontakte 311 si w gen nenpòt kesyon.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk